


La Bib pou ti moun prézanté

Prens
Nil la



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : M. Maillot; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : M. Maillot; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org


©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Gouvènè Jozèf mouri ! Tout
peyi Lejip pataje lapenn
fanmi li a. Bondye te itilize
Jozèf, ebre a, pou sove
peyi a anba grangou.


Li te saj epi tou yon
lidè tout moun
te renmen.
Kounye a li
pa te la ankò.




Plis pase 300 lane te pase. Pèp Jozèf la, Ebre yo, te vin tounen yon pèp pisan nan peyi Lejip. Nouvo Farawon an te pè pou Ebre yo pa te tounen kont li, se konsa li te fè yo tounen esklav.



Farawon an te trete Ebre yo mal. Li te fòse yo bati gwo vil. Men, nenpòt gwo travay di yo te dwe fè, kantite esklav Ebre yo te kontinye tikraspatikras ap vin pi plis.




Yon jou, Farawon an te bay yon lòd terib : "Tout tigason ki pral fèt kay Ebre yo dwe jete nan Nil la." Farawon mechan an te deside diminye kantite Ebre yo. Li te menm vle touye kèk tibebe !



"Kisa nou ka fè ?" fanmi an dwe te mande tèt li. Yo te deside mete timoun nan sou Nil la. Men, yo te mete tibebe a nan yon panyen ki paka koule.



Nil la t ap transpòte chay presye li a, panyen a t ap
flote nan mitan wozo yo. Kisa ki t ap ral rive ti
bebe a ?



Yon ti kras pi lwen, sè tibebe a t ape gade panyen
presye a ki t ap avanse tou dousman nan mitan
wozo yo.



Lè sa a, pitit fi farawon an ak sèvant
li yo te desann bò Nil la pou y ale
benyen. Pa te gen okenn fason pou
yo kache panyen an. Petèt yo ta
pase san yo pa wè li ?



"Oh ! Yon panyen. La a, nan wozo yo. Mwen ap mande m kisa ki ladan li." Pitit fi farawon an te mande yon sèvant pou l al chache panyen an. Lè li te louvri l, tibebe a te kòmanse kriye. "Se yon tibebe ebre," prensès la te di byen fò.



"Pòv ti gason. Ou tèlman bèl." Li pwobab pitit fi Farawon an t ap pale ak tibebe a menm jan granmoun yo konn fè a. Petèt li te menm fè kèk "areus, areus" —nan lang Ejipsyen, san di pètèt.




Bondye dwe te bay sè tibebe a yon sajès
espesyal. Li kouri al jwenn pitit fi Faraon an. "Èske
m ta dwe al chache yon fanm ebre pou pran swen
tibebe a pou ou?" "Ale non," se te
repons lan. Ki moun nou panse
ti fi a t al chache?



"Manman ! Vini vit ! Fè vit !" Petèt tifi a pa te
genyen tan pou l eksplike sa ki t ap pase a. Ansanm,
yo te kouri nan
wout la pou y al
jwenn pitit fi
Farawon an.



Bò rivyè a, pitit fi Farawon an te kenbe tibebe a.
"Bay tibebe a tete pou mwen. M ap peye w. Rele li
Moïse (Moyiz)." Moïse ta ka vle di "retire nan dlo"
nan lang Ejipsyen.




Kidonk, Moïse te retounen lakay
paran li yo ak lakay li. Yo te aprann
li renmen Bondye ak pèp ebre a.

Talè konsa li t apral viv nan palè a
avèk pitit fi

Farawon an.

Bondye, ki te
sove lavi li a, te
genyen yon bèl
avni li te pare ap
tann tibebe
Moyiz la.



Prens Nil la

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Ekzòd 2


"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





9



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

